


# МУҲАММАД ИБН АБДУССАТТАР КЕРДЕРИЙ

**Идрисов Абдураҳман**
Қарақалпақ гуманитар илимлер илимий-изертлеў институти стажёр-изертлеўшиси
https://doi.org/10.5281/zenodo.8334751

**ARTICLE INFO**
Qabul qilindi:03-September 2023 yil
Ma'qullandi: 08-September 2023 yil
Nashr qilindi:11-September 2023 yil

**KEY WORDS**
*Кердер, Кардар, Муҳаммад ибн Абдуссаттар Кердерий, Роддул мухтар, Китабу фий ҳалли мушкилаатил қудурий.*

**ABSTRACT**
*Бул мақалада журтымыздан шыққан алымлардан бири Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерийдиң өмири ҳәм илимий мийраслары ҳаққында мағлыўмат келтирилген.*

Толық аты – «Муҳаммад ибн Абдуссаттар ибн Муҳаммад[1] әл-Имәдий әл-Кердерий әл-Баратақийний[2]. Насабындағы бабасына нисбат берилип Имадий, делинген. «Тәжул арус» китабында Әбиў Абдуллаҳ[3], деген кунясы айтылған. «Ҳилятул башар» китабында Әбиў Абдуссаттар[4] деген кунясы айтылған.

Ол Қарақалпақстан Республикасының аймағындағы тарийхый Кердер ўәлаятының Баратақийн аймағында туўылған. «Усы нисбат пенен нисбатланған бабасы себепли Муҳаммадқа да усы нисбат берилген»[5]. «559-ҳижрий (1163 м.) жылы Зулқаъда айының 12-сәнесинде туўылған»[6]. Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» китабында айтылыўынша 560-жылы туўылған»[7].

Бул киси жүдә илимли адам болғанлықтан «Шәмсул әиммә», деп сыпатланған, яғный «Имамлардың қуяшы», дегени. Кунясы Әбул Ўажд, яғный, Ўаждтиң әкеси, дегени. Базы китапларда Әбул Ўаҳда, деп те келтирилген. «Және «Ал ъажала фил аҳадийсил мусалсала» китабында «Әбиў Мужаддаъ», деп келтирилген»[8]. Мужаддаъ бу кисиниң баласы болыўы мүмкин ямаса батыр, деген мәниде.

---

[1] Бағдадийдиң «Ҳидаятул ъарифийн» китабында Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Абдуссаттар, деп жазылған.
[2] Сафадий «Ал ўәфий бил ўәфият», 1-том, 399-бет.
[3] Әбул Файз Муҳаммад ибн Муҳаммад ал Ҳусайний, «Тәжул уруўс», Бейрут, «Дәрул ҳидая» баспаханасы, 14-том, 35-бет.
[4] Абдурраззақ ибн Ҳасан Димашқий, «Ҳилятул башар фий тарийхил қорнис сәлиси ашар», Бейрут, «Дәрус содр» баспаханасы, 1413-ҳ.жыл, 2-баспа, 342-бет.
[5] Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Кураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 3-том, 228-бет.
[6] Әбул Фада, Қасым ибн Кутлу Буға «Тәжут тарожим», Бейрут, «Дәрул қолам», баспаханасы, 1992-жыл, 1-баспа, 267-268-бетлер.
[7] Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» Ташкент, «Янги аср авлоди», 2009-ж, 50-б.
[8] Әбул файз Муҳаммад Ясин ибн Муҳаммад Ийса ал Маккий «Ал Ажжалатул аҳадийсил мусалсалати», Дамашқ, «Дәрул басоир» баспаханасы, 1985-жыл, Дамашқ, 2-баспа, 38-бет.

Әбул Ала Фаразий ол киси ҳаққында былай деген: «Муҳаммад ибн Абдуссаттар имамлардың мутлақ устазы, оның алдына илим алыў ушын ҳәмме жерден талабалар келеди».

«Кашфул асрор шарҳи усулил Баздаўий» китабында ол киси ҳаққында: «Дүнья имамларының устазы, Аллаҳтың кәлимасын заҳир қылыўшы»[9], деп тәрийпленген.

Жаслық дәўиринен илимге қызығып, Хорезмге барған ҳәм ол жерде Имам Замахшарийдиң шәкирти «Муғриб» ҳәм «Шарҳул-Мақомот» китапларын жазған шайх Бурҳануддин Насир ибн Әбул Мәкәрим Абдуссаййид ибн Әлий әл-Матарризийдиң қолында оқыған[10].

Хорезмнен кейин Маўарауннаҳр тәрепке жол алған. Самарқанд қаласына барып «Ҳидая» китабын жазған уллы алым Шайхул ислам – Бурҳануддин Марғинанынайден ҳәм «Ширъатул-исләм» китабын жазған «Имам зада» деп танылған шайх Мажидуддин әл-Маҳҳад ас-Самарқандийден фиқҳ илимин үйренген, сондай-ақ олардан ҳәдис сабақларын да алған.

«Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхы Моллазада» китабында Муҳаммад ибн Абдуссаттар ал Кердерийдиң өзи ҳаққында айтқан мына сөзлери келтирилген: «Балалық ўақтымнан үлкейгениме шекем Аллаҳ таала пәклик ҳәм гүнадан узақ болыў пердеси менен мени қорғады, ҳәтте ҳеш бир үлкен гүна қылмадым, егер бир әдепсиз ис қылып қойсам, сол ўақытта ғайбый тәрептен әдеп берип қояр еди. Бир күни Әбиў Ҳафс раҳматуллаҳи алайҳтиң қәбирине жақын жерде түнде қайта ояндым, әдетке көре ўитр намазды түнниң ақырғы ўақтында оқыйтуғын едим. Намазды оқып баслап, сәжде қылған ўақтымда, мени қатты уйқы басып, уйқылап қалыппан, оянғанымда таң атып кеткен екен, ўитрди қаза еттим. Таң намаз ўақтында қалаға киргенимде, балалар ойнап жүрген екен, бир бала қасыма келип: «Шамс Кердерий, уйқыға ғарқ болыў ҳәм ўитрди қаза етиў, бул қандай батырлық болды?», деди. Сонда бул – илаҳий әдеп қамшысы екенин билдим»[11].

«Оннан сабақ алыў ушын жүдә көп талабалар қасына келген. Солардан Бадруддин Муҳаммад ибн Маҳмуд ибн Абдулкәрийм ал Кердерий, бул киси Муҳаммад ибн Абдуссаттар Кердерийдиң әжапасының баласы болғаны ушын Хохар зада, деп танылған»[12], шайхлар шайхы Сайфуддин Әбул Маъалий Саъийд ибн ал Музҳир ибн Саъийд ал Бахарзий[13], Шайх Сирожуддин Муҳаммад ибн Аҳмад ал Қурайший, Имам Ҳафизуддин ал Кәбийр Әбул Фадл Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Наср ал Бухарий[14], Муҳаммад ал Маймарғий, Ашроф ибн Муҳаммад Әбул Фадл Кашаний[15], Муҳаммад ибн Муҳаммад Марғияний, Муҳаммад ибн Умар Нуўҳабазий Бухарий ҳтб.

---

[9] Абдулазиз ибн Аҳмад Бухарий Ҳанафий «Кашфул асрор шарҳи усулил Баздаўий», Байрут, «Дарул китабул исламий» баспаханасы, 2007-ж.

[10] Муҳаммад ибн Аҳмад аз Заҳабий «Сияру Аъламун нубала», «Муассасатур рисала», 1985-жыл.

[11] Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» Ташкент, «Янги аср авлоди», 2009-ж, 50-б.

[12] Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 3-том, 229-бет.

[13] Бул киси Бухарада жасаға әўлия кисилерден болған. Салаҳатдин Ташкентийдиң гәпине қарағанда Әмир Темурдың анасы Тегина хатун Бохарзийдиң қызы болған.

[14] Муҳаммад ибн Аҳмад июн Усман аз Заҳабий «Тарийхул ислам», Бейрут, «Мәктабатут таўфиқийя», 1993-жыл, 7-бет.

15 Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 1-том, 123-бет.

Имам Шамсул әимма Кердерийден Әбул Баракат ан Насафий де жаслығында мәлим ўақыт сабақ алған, кейин Насафий Хоҳарзада Кердерийден сабақ алған.

Имам Шамсул әимма Кердерий Ислам әлеминде фиқҳ илимин қайта жанландырған ең уллы улама сыпатында қаралады. Бурҳануддин Марғинанықйдың «Ҳидая» китабын Шамсул әимма Кердерий адамларға жеткерген[16], яғный бул киси арқалы адамларға тарқалған. Оның шәкирлери пүткил ислам әлеминде фиқҳ илиминиң раўажланыўында үлкен үлес қосқан ҳәм ҳәммеси Имам Кердерийди уллы устаз сыпатында қәдирлеген.

642-ҳижрий жылы 9-муҳаррам (1244 жыл 18 июнь) жума күни Бухарада қайтыс болған ҳәм қаладан ярым фарсах узақлықтағы Сабзамун қәбирстанында устазы Әбиў Муҳаммад Абдуллаҳ ибн Муҳаммад ибн Яъқуб Ҳарисий ас-Сабзамуний қәбириниң қасына жерленген»[17].

Дереклерде ол киси жазып қалдырған мына китаплар көрсетилген:

1. «Таьсийсул-қоўаъид». Бул китап кәлам илимине тийисли болып, Ҳажы Халифа өзиниң «Кашфуз Зунуўн» китабында айтыўынша, Пайғамбарлардың маъсум, яғный гүналардан пәк екени ҳаққындағы китап[18].

2. «Ар Роддул манхул».

3. «Китабу фий ҳалли мушкилаатил қудурий»[19]. Қудурий бул – ислам ҳуқықтаныўшылығына тийисли китап. Имам Шәмсул әиммә Кердерийдиң бул китабы Қудурий китабындағы қыйын мәселелердиң шешимине арналған.

4. «Шарҳу мунтахобил ҳассамий». Усули фиқққа тийисли китап. Бул китап Муҳаммад ибн Муҳаммад ибн Умар Ҳисамуддин ал Аҳсикентийдиң китабы. Бул китап «Мухтасару Ҳисамуддин», деп те аталады.

5. «Ал Мунҳиййи фий шарҳил муғний»

6. «Машриқул анўари фий мушкилил асар»

«Шәмсул-әиммә Муҳаммад Кердерий жүдә үлкен әҳмийетке ийе китаплардың бизлерге жетип келиўине себепши болған. Мысалы, Әбиў Мансур Матуридийдиң "Тәўиләти әҳлис-суннә" китабының Ташкент нусхасының ҳәм Бурҳануддин Марғинанийдиң "Ҳидая" китабының бизлерге шекем жетип келиўинде үлкен хызмет көрсеткен»[20]. Ең әҳмийетли тәрепи ҳәмме фақиҳлер «Ҳидая» китабын тек Шәмсул әиммә Кердерий арқалы ғана рәўият қылған.

## Пайдаланылған дерек ҳәм әдебиятлар:

1. Сафадий «Ал ўәфий бил ўәфият», 1-том, 399-бет.
2. Әбул Файз Муҳаммад ибн Муҳаммад ал Ҳусайний, «Тәжул уруўс», Бейрут, «Дәрул ҳидая» баспаханасы, 14-том, 35-бет.

[16] Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 1-том, 123-бет.

[17] Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 1-том, 123-бет.

[18] Мустафа ибн Абдуллаҳ Ҳажы Халийфа «Кашфуз зунуўн», Бейрут, «Дәру иҳяут туросил ҳәдийсә», 1999-жыл, 1-том, 333-бет.

19 Исмаил ибн Муҳаммад ал Бағдадий, «Ҳидаятул арифийн», «Дару иҳяут турос», Байрут, 2017-ж, 2-том, 122-бет.

[20] Абдулҳаким Жузжанийдиң «Ислам ҳуқықтаныўшылығы» китабы

3. Абдурраззақ ибн Ҳасан Димашқий, «Ҳилятул башар фий тарийхил қорнис сәлиси ашар», Бейрут, «Дәрус содр» баспаханасы, 1413-ҳ.жыл, 2-баспа, 342-бет.
4. Абдулқәдир ибн Муҳаммад ал Қураший, «Жәўҳаратул мудийя», Рияз, «Дәрул иҳяил кутубил арабия», 1988-жыл, 3-том, 228-бет.
5. Әбул Фада, Қасым ибн Қутлу Буға «Тәжут тарожим», Бейрут, «Дәрул қолам», баспаханасы, 1992-жыл, 1-баспа, 267-268-бетлер.
6. Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» Ташкент, «Янги аср авлоди», 2009-ж, 50-б.
7. Әбул файз Муҳаммад Ясин ибн Муҳаммад Ийса ал Маккий «Ал Ажжалатул аҳадийсил мусалсалати», Дамашқ, «Дәрул басоир» баспаханасы, 1985-жыл, Дамашқ, 2-баспа, 38-бет.
8. Абдулазиз ибн Аҳмад Бухарий Ҳанафий «Кашфул асрор шарҳи усулил Баздаўий», Байрут, «Дарул китабул исламий» баспаханасы, 2007-ж
9. Муҳаммад ибн Аҳмад аз Заҳабий «Сияру Аъламун нубала», «Муассасатур рисала», 1985-жыл.
10. Абдуллаҳ ибн Маҳмуд ал Бухарийдиң «Тарийхи Моллазада» Ташкент, «Янги аср авлоди», 2009-ж, 50-б.
11. «Фатаўаи Қазыхан» китабының авторы, Фахруддин Қазыхан раҳматуллаҳи алайҳ
12. Муҳаммад ибн Аҳмад июн Усман аз Заҳабий «Тарийхул ислам», Бейрут, «Мәктабатут таўфиқийя», 1993-жыл, 7-бет.
13. Мустафа ибн Абдуллаҳ Ҳажы Халийфа «Кашфуз зунуўн», Бейрут, «Дәру иҳяут туросил ҳәдийсә», 1999-жыл, 1-том, 333-бет.
14. Исмаил ибн Муҳаммад ал Бағдадий, «Ҳидаятул арифийн», «Дару иҳяут турос», Байрут, 2017-ж, 2-том, 122-бет.
15. Абдулҳаким Шаръий Жузжаний «Ислам ҳуқық таныўшылығы, Ҳанафий мәзҳабы ҳәм Орта Азия фақиҳлери», «Ташкент ислам университети баспаханасы, Ташкент, 2002-жыл.